

## Retansyon ak Destriksyon Dosye El yo

Founisè sèvis El ou a oblije kenbe dosye El pitit ou a jiska nevyèm anivèsè nesans pitit ou a. Founisè sèvis El a ka kenbe dosye El pitit ou a pi lontan pase sa a sof si ou mande pou yo detui dosye yo apre nevyèm anivèsè nesans pitit ou a.

El ka kenbe yon dosye pèmanan non pitit ou a, dat nesans, enfòmasyon kontak ou, non kòdonatè sèvis El ak founisè ki te travay ak fanmi w, ak done sou sòti (ki gen ladan l ane ak laj lè li soti, ak nenpòt pwogram li te patisipe apre sòti) san limit tan.

Pou plis konsèy sou dwa w konsènan dosye El pitit ou a, kontakte DCY nan [ei@childrenandyouth.ohio.gov](mailto:ei@childrenandyouth.ohio.gov). Pou plis konsèy konsènan FERPA, kontakte Biwo Konfòmite Fanmi Ozetazini Depatman Edikasyon nan 202-260-3887.

## Rezolisyon Konfli

Si w gen yon dezakò sou yon bagay nan El, gen plizyè fason pou rezoud li. Fason ki pi fasil ak pi rapid la se pou travay ak pwogram El lokal ou a atravè kòdonatè sèvis El ou oswa manadjè kontra El nan konte ou a pou jwenn yon solisyon pou dezakò a.

Enfòmasyon kontak Kòdonatè Sèvis El ou a sou bwochi sa. Jwenn enfòmasyon sou lidè pwogram El lokal ou a sou sitwèb: [ohioearlyintervention.org](http://ohioearlyintervention.org).

Si w prefere pa travay nan pwogram El lokal ou a, ou ka kontakte pèsonèl El DCY a nan [ei@childrenandyouth.ohio.gov](mailto:ei@childrenandyouth.ohio.gov).

Ou kapab depoze tou yon plent nan DCY epi mande depatman an pou l mennen ankèt sou plent lan, ale nan medyasyon, oswa gen yon odyans nan yon pwosedi regilye. Plent ou an dwe siyen epi li dwe alekri. Li dwe gen ladan yon deskripsyon sou sa ki te pase ak ki règleman oswa dwa yo te vyole.

Yo dwe voye Plent yo nan:

Entèkansyon Prekòs nan Ohio  
Ohio Department of Children and Youth  
(Depatman Timoun ak Jèn Ohio yo),  
P.O.Box 183204  
Columbus, Ohio 43218

## Investigasyon

Si ou vle DCY mennen investigasyon sou plent ou an, depatman pral mande enfòmasyon nan men ou ak founisè El ou a, revize tout enfòmasyon pètinan yo, epi pran yon dènye desizyon alekri nan 60 jou konsènan si te genyen yon vyolasyon dwa ou yo oubyen règleman El yo. Detèminasyon final la ap genyen enfòmasyon sou sa DCY te fè epi pral fè pou korije nenpòt pwoblèm.

## Medyasyon

Medyasyon an volontè bò kote nou toulède ansanm ak founisè El ou a. Si ou vle itilize medyasyon epi founisè El ou a dakò pou patisipe, DCY ap bay yon medyatè kalifye ak enpasyal pou sipèvize pwosesis la. DCY ap peye pri medyatè a, epi medyasyon an dwe fèt nan kote ak lè ki bon pou patisipan yo.

## Pwosedi Odyans regilye

Yon pwosedi odyans regilye se yon pwosesis ki pi fòmèl. Ou ka pran yon avoka pou reprezante w, men sa pa yon obligasyon. Nan yon odyans pwosedi regilye, yon ofisyè odyans enpasyal ap egzaminen plent lan, tandè patisipan yo, revize plis enfòmasyon, epi bay yon desizyon alekri nan 30 jou apre yo fin resevwa plent lan. DCY peye pri ofisyè odyans pou pwosedi regilye a, epi odyans lan dwe fèt nan kote ak lè ki bon pou patisipan yo.

Vizite [ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations](http://ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations) pou aprann plis sou IDEA ak règleman eta a pou pwogram El Ohio a.

**Kòdonatè Sèvis El mwen an:**

**Enfòmasyon sou kontak:**



**Department of  
Children & Youth**

Mike DeWine, Gouvènè  
Eta Ohio

Kara B. Wente, Direktè  
Department of Children and Youth (Depatman Timoun ak Jèn yo)  
(Rev. 07/2024)

Enstitisyon sa se yon founisè ak anplwaye egalite chans.



# Dwa Paran yo



**Department of  
Children & Youth**

Help Me Grow Early Intervention

## Entwodiksyon

Paran timoun ki nan Entèvansyon Prekòs (EI) gen anpil dwa ak pwoteksyon dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA).

Depatman pou Devlopman Timoun ak Jèn (DCY) ak patnè lokal li yo fòme sistèm EI nan Ohio epi yo responsab pou aplike dwa ak pwoteksyon sa yo. Anpil nan yo aplike menm si yo jwenn pitit ou a pa kalifye pou EI.

Bwochi sa a p ap bay fanmi w enfòmasyon sou dwa ak pwoteksyon sa yo ansanm ak sa pou w fè si w gen yon dezakò sou yon bagay nan EI. Fòmilè yo itilize nan EI esplike dwa ak pwoteksyon sa yo nan fason ki pi detaye. Anplis de sa, Kòdonatè Sèvis ou a ap esplike yo tou epi reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

## Avi ak Konsantman Alavans

W ap resevwa enfòmasyon sou sèten aktivite sistèm EI bay alavans ak alekri. Yo rele sa "avi ekri davans." Avi ekri davans lan ba w tan pou w decide si w vle fè yon aktivite an patikilye. Si w pare pou w kòmanse aktivite a touswit, ou ka anile peryòd atant sa a. Apre w fin decide fè kèk aktivite, w ap bay pèmasyon w alekri.

Yo rele pèmasyon sa a "konsantman". Konsantman w volontè epi ou ka anile l nenpòt lè. Sistèm EI a ap asire yo te reponn kesyon ou yo sou nenpòt aktivite anvan ou bay konsantman ou. Tanpri mande Kòdonatè Sèvis ou a oswa nenpòt lòt moun k ap travay avèk ou nan EI nenpòt kesyon ou genyen. Avi alekri alavans ak konsantman aplikab nan

- depistaj devlopmantral yo;
- evalyasyon timoun yo;
- egzamen timoun ak fanmi yo;
- detèminasyon kalifikasyon; ak
- kòmansman oswa chanjman sèvis sou Plan Sèvis Fanmi Endividyèl la (IFSP).

W ap resevwa yon avi alekri alavans chak fwa yon sèvis ki fè pati IFSP ou a ap fini oswa ou soti nan EI.

Gen kèk sitiyasyon ki p ap enplike yon avi alekri alavans, men konsantman w toujou nesèsè anvan sistèm EI a konplete sèten aksyon.

Sistèm EI a dwe resevwa konsantman w anvan:

- pataje enfòmasyon sou fanmi w ki andeyò sistèm EI a, pandan w ap enkli yon pedyat;
- kenbe yon konferans sou planifikasyon tranzisyon; oswa
- itilize asirans piblik oswa prive w pou peye pou sèvis EI yo.

Li enpòtan pou w konnen yon evalyasyon kapab rekòmande pou detèmine kalifikasyon timoun ou an epi evalyasyon timoun sa a anvan sistèm EI a ka sèvi ou. Si w pa bay konsantman w pou yon egzamen pou timoun nan oswa yon evalyasyon ki obligatwa, sistèm EI a p ap kapab sèvi pitit ou a.

## Dosye EI ak Konfidansyalite Ou

Paske sistèm EI a gen enfòmasyon sou ou ak sou timoun ou an, ou gen dwa ki asosye ak dosye sistèm EI a konsève yo. Yo konsidere dosye sa yo kòm dosye EI pitit ou an epi enkli enfòmasyon sou evalyasyon ak egzamen, enfòmasyon medikal ki gen rapò ak elijibilite pitit ou a pou EI, sèvis sou IFSP ou, kopi oswa orijinal fòmilè EI ou te ranpli ak siyen yo, ak dokiman sou kominikasyon ant ou menm ak founisè EI yo.

Ou gen anpil dwa ki gen rapò ak dosye EI fanmi w. Sa yo enkli dwa pou:

- mande kopi dosye EI pitit ou a,
- enspekte ak revize dosye EI pitit ou a nan 10 jou ouvrab apre demann ou an;
- fè yon reprezantan enspekte epi revize dosye EI pitit ou a;
- resevwa eksplikasyon ak entèpretasyon dosye EI pitit ou a;
- gen yon lis kalite ak lokasyon dosye EI ki kolekte, konsève oswa itilize;
- mande founisè sèvis EI a chanje dosye EI pitit ou a; epi
- resevwa yon odyans nan pwosedi regilye si founisè a refize pou modifiye dosye EI pitit ou a.

W ap resevwa (gratis) yon kopi elijiblite detèminasyon an nan 5 jou aprè aktivite a, epi IFSP a nan 10 jou apre chak rankont IFSP. Yo p ap fè w peye okenn frè pou chèche oswa rekipere dosye EI ou yo; sepandan, founisè w la ka fè w peye yon frè pou kopi dosye EI ki fèt pou ou depi frè a pa anpeche ou efektivman egzèse dwa ou genyen pou enspekte ak revize dosye sa yo.

Akoz nati prive enfòmasyon ki nan dosye EI ou a, moun k ap travay nan sistèm EI ki gen aksè a enfòmasyon sa yo dwe kenbe yo prive. Ajans ki kenbe dosye EI sou fanmi w dwe kenbe yon lis kalite ak kote yo kolekte epi kenbe dosye EI yo. Moun ki nan sistèm EI a ki gen aksè ak dosye EI ou kapab sèlman divilge enfòmasyon pèsonel ki idantifyab ou yo (Personally Identifiable Information (PII)) bay lòt moun k ap travay nan sistèm EI a epi sèlman nan limit ki nesèsè pou bay fanmi ou sèvis EI yo. Si ou vle yo pataje PII ou andeyò sistèm EI a, ou dwe bay konsantman w anvan.

Sepandan, Lwa 1974 sou Lavi Prive ak Dwa sou Edikasyon Fanmi pèmèt founisè sèvis EI ou a divilge PII san konsantman paran nan kèk sitiyasyon. Sa enkli:

- notifikasyon IDEA obligatwa pou distri lekòl lokal ou a ak ajans edikasyon eta a. Sa limite ak enfòmasyon kontak ak non ak dat nesans timoun ou an;
- òganizasyon yo fè etid pou yo, oswa nan non, ajans ak enstisyon edikasyon yo nan objektif pou devlope, valide, oswa administre tès prediktif yo, administre pwogram èd pou elèv, oswa amelyore enstriksyon;
- nenpòt antite oswa moun yo deziyen pa Kontwolè Jeneral Ozetazini, Pwokirè Jeneral Etazini, Sekretè Edikasyon, oswa yon otorite eta oswa edikasyon lokal pou mennen nenpòt aktivite odit, evalyasyon, konfòmite, oswa aplikasyon nan sa ki konsène egzijans federal legal ki gen rapò ak tout pwogram edikasyon federal oswa eta
- yon ajans travayè sosyal oswa lòt reprezantan yon ajans byennèt timoun leta oswa lokal lè moun sa a responsab legalman pou swen ak pwoteksyon timoun lan; epi
- yon tribinal an repons ak yon konvokasyon oubyen yon òdonans jidisyè yo bay selon lalwa.

Lè yon moun ki pa nan sistèm EI a te jwenn aksè nan dosye EI ou a, ajans ki konsève dosye a dwe kenbe dokiman ki montre kimoun ki te jwenn aksè nan dosye a, ki lè, ak pou ki rezon.